

# Choose Safe Places:

## Enfòmasyon pou Paran/Responsab Timoun



### Choose Safe Places

pou Edikasyon ak Swen Timoun Piti  
Planifikasyon. Direksyon. Pwoteksyon.

Pwogram "Choose Safe Places" la (Chwazi yon Kote ki San Danje) se yon pwogram volontè ki ede pwogram edikasyon ak swen timoun piti chwazi lokal ki pa gen danje anviwònmantal. Depatman Sante Piblik Massachusetts, Biwo Sante Anviwònmantal la (DPH ann anglè) ofri enfòmasyon ak èd gratis pou ede anseyan timoun piti pwoteje timoun yo kont pwodui chimik ki danjere.

Atanke yon paran, ou vle ptit ou grandi nan yon anviwònman ki fasilité lasante e ki san danje. Sa gen ladan I pwoteje yo kont pwodui chimik ki danjere ki gendwa nan lè a, nan dlo a, nan tè a, ak nan pousyè. Ou gendwa deja fè bagay pou anpeche yo ekspoze lè yo lakay yo, men, e lòt kote ptit ou pase tan yo?

### Pwogram edikasyon ak swen timoun piti yo jwe yon wòl enpòtan nan pwoteje ptit ou kont danje.

Anpil timoun piti pase plis tan nan yon pwogram edikasyon ak swen pase kèlkeswa lòt kote, sof lakay yo. Sa vle di li enpòtan sitou pou w asire w y ap pran swen timoun yo nan yon anviwònman ki san danje kote yo pa ekspoze ak pwodui chimik ki danjere.

### Pwodui chimik ka yon danje kache.

Timoun ak adilt ka ekspoze ak pwodui chimik ki danjere fason sa yo:

- Polisyon ki nan lè deyò a
- Pwodui chimik yo itilize anndan
- Tè ak dlo ki kontamine
- Dlo potab ki kontamine

Pwodui chimik sa yo ka antre nan kò nou lè n respire, manje, oubyen bwè, oswa lè yo touche po nou.



### Timoun pi sansib pou pwodui chimik ki danjere pase adilt.

Sèvo timoun yo ap devlope e kò yo ap grandi toujou, se sa k fè yo pi vilnerab devan efè pwodui chimik ki danjere. Timoun ekspoze plis paske yo mete men yo nan bouch yo, yo jwe atè a, e yo bwè plis dlo e respire plis lè parapò ak gwosè yo. Ekspoze ak pwodui chimik ki toksik ka gen yon move efè sou devlopman yo, sou jan yo aprann, ak sou konpòtman yo. Epi, li ka fè yo malad lè yo pi gran.

### Ki jan pwogram edikasyon ak swen pou timoun piti yo pwoteje timoun kont pwodui chimik?

Depatman Edikasyon ak Swen Timoun Piti a (EEC ann anglè) egzije chak pwogram edikasyon ak swen timoun piti ki lisanse obeyi regleman sekirite yo. Gen kèk nan regleman sa yo ki fè timoun yo ekspoze ak mwens pwodui chimik, tankou gen restriksyon sou itilize pestisid epi fòk yo fè teste pi dlo potab.

Pwogram DPH ki rele Choose Safe Places la se yon pwogram volontè ki ajoute sou pwoteksyon sa yo. Avèk sipò EEC a, DPH ap travay avèk anseyan timoun piti k ap patisipe yo pou yo verifye kontaminasyon anviwònmantal lè y ap chwazi yon nouvo lokal. Verifikasiyon sa yo ka ede anseyan yo evite lokal ki gen pwodui chimik ki danjere ki soti nan biznis ki tou pre yo nan zòn la oswa aktivite ki te konn fèt la.

## Choose Safe Places ede novo pwogram yo verifye si gen danje.

Grasa pwogram volontè sa, DPH ede anseyan k ap patisipe yo planifye pou yo ouvri novo pwogram edikasyon ak swen pou timoun piti. Pou kòmanse, anseyan yo ranpli yon kesyonè, apre sa DPH ede yo konsidere faktè ki vin apre yo:

### Fason yo konn itilize andwa a



Fason yo te konn itilize andwa a gendwa te kite pwodui ki danjere. Pa egzanp, dray, izin, ponp gazolin, ak fatra yo te konn jete gendwa te kontamine tè a ak dlo ki anba tè a. Menmsi moun pa sèvi ak dlo a, sèten polisyon ka touen vapè e antre nan lè anndan an nan ti fisi ki nan fondasyon an.

DPH ede anseyan yo chèche konnen ki jan moun te konn itilize etablisman yo ak pwopriyete ki tou pre yo nan zòn nan. Pou lokal ki te fèt anvan 1978, nou ede anseyan yo fè enspeksyon pou penti ki gen plon.



### Chantye ak aktivite nan zòn nan

Gen sèten aktivite ki tou pre ki gendwa kontamine lè a, kite pwodui chimik atè a ki ka vide sou teren ki bò kote yo, oswa ki ka kontamine dlo ki anba tè a.

DPH ede anseyan yo aprann plis sou biznis ki itilize pwodui chimik, tankou dray, stidyo bote, ponp gazolin, izin, ak fèm. Epi, nou gade ki distans yo parapò ak otowout yo e andwa pou netwayaj dechè toksik.

### Dlo potab ki san danje



Dlo pwòp esansyèl, sitou pou tibebe ki bwè lèt ki fêt avèk dlo tiyo. Gen kontwòl sou dlo leta e yo teste yo, men pi prive sou kont mèt yo pou yo teste yo. Epitou, plon ki nan ansyen tiyo gendwa antre nan dlo a.

DPH ka ede anseyan yo aprann ki jan pou yo verifye tiyo ki gen plon epi fè teste dlo pi prive yo.

### Kontaminasyon Natirèl



Gen kèk kontaminasyon ki fèt tou natirèlman nan lè a, nan dlo a, ak nan tè a. Gaz radon se yon danje natirèl ki kouran. Li ka soti anba tè a pou l antre nan lè anndan an.

DPH ka ede anseyan yo aprann ki jan pou yo teste etablisman yo pou radon.

## Paran ak responsab ka bay yon koutmen lè yo poze kèk bon kesyon.

Lè w ap chwazi yon pwogram edikasyon ak swen pou timoun piti pou pitit pa w la, chèche yon anviwònman ki pwòp e ki an sekirite. Men kèk kesyon w ka poze. Gen kesyon ki adrese danje regleman EEC yo abòde yo, gen lòt ki jis kesyon bon sans.

1. Èske yo te teste pou radon? Ki rezulta?
2. Si lokal la te fèt anvan 1978, èske yo te enspekte l pou penti ki gen plon?
3. Si yo gen yon pi prive, èske yo teste l?\* Èske yo te verifye si tiyo yo gen plon?
4. Èske gen yon moun ki te fè yon evalyasyon anviwònman sou pwopriyete an? Si l te detekte yon pwoblèm, èske yo te rezoud pwoblèm nan?

\*Se yon egzijans selon regleman yo pou gwoup ak pwogram timoun ki nan laj pou ale lekol



Ou ka aprann plis.

Rele DPH nan 617-624-5757  
oswa al gade [www.mass.gov/choose-safe-places-for-early-care-and-education](http://www.mass.gov/choose-safe-places-for-early-care-and-education)



Massachusetts Department of Public Health (Depatman Sante Piblik Massachusetts)  
Bureau of Environmental Health (Biwo Sante Anviwònmental)  
250 Washington Street, 7<sup>th</sup> Floor  
Boston, MA 02108  
Telefòn: 617-624-5757

Oktòb 2019  
HAITIAN CREOLE 10/2020



Massachusetts Department of Early Education and Care (Depatman Edikasyon ak Swen Timoun Piti Massachusetts)  
51 Sleeper Street, 4<sup>th</sup> Floor  
Boston, MA 02210  
Telefòn: 617-988-6600